BIBLE
316

# Wetin bi di Bibol?

**Wetin bi di Bibol?** Shey God dey tok to yu. Nor bi onli abaut God. Na from God. E pass mak e dey jinja. Na God yarn am (God breathe am). Read am. Listen to am. Think abaut am. Mak yu learn from am. Do am for yor laif. Pita di Apostol write sey, *"But make una dey hongry for spiritual milk like pikin wey dem just born, so dat una faith go strong well-well,"* 1 Pita 2:2.

**Wetin dey mak di Bibol dey speshia?** Na 66 books wey dem write for three laguajis (Hibru, Aramaik, and Greek) by men wey pass forty for one taim wey bi abaut 1,000 yias wey get one kommon messaj wey dey di same thruout di senturis. Dem don konfam di Niu Testament thru full abi parshia manuskript wey pass 5,000 wey dey old. Di Bibol don show sey e dey korret well-well thru im profesy wey don hapun true-true, for wetin dem dey dig see for modan arkioloji, for haw e sabi places for map, and for the wise tok wey dey full for inside di Proverbs. Di Bibol na di book wey dey impotant and influenshia pass wey dem don eva write. Nor oda book get more kopis wey dem don print, wey dem don distribute wella, don translate into more languajis, wey don shanj more lives wit pawa, and don tey for meni senturis. Di Bibol na di orthority wey high pass for wetin wi supose biliv and for haw wi supose live. Di Bibol standa alone by imsef high above all oda books.

**Wetin bi di karaktaristiks of di Bibol?**

Na God breathe di Bibol. *"Evry word wey dey Bible, kom from God,"* 2 Timoti 3:16.

Di Bibol dey true. Jesus pray sey, *"Make yu protet dem with di trut, bikos na yor word bi di trut,"* John 17:17.

Di Bibol dey korret to di ditails wey smoll pass. Jesus tok sey, *"I tell una true word, before dis world go end, evritin wey dey inside di Law, even di small-small ones, go happen,"* Matiu 5:18. Di orijina manuskript dey korret sotey di word for word translashon wey gud pass for tuday dey 99% korret.

Di Bibol dey pure. *"God promise dey pure well-well like silva wey dem melt for fire,"* Psalm 12:6.

Di Bibol dey etana. *"Yes, di grass go dry and flower go fade, but awa Oga God word go dey forever,"* Isaya 40:8. Di Bibol dey yusfu tuday laik as wen dem fes write am.

Di Bibol dey pawafu. Hibru 4:12, *"God word dey alive, e get pawa and e sharp pass knife wey get two sharp side. Di word dey divide pesin soul from en spirit and e dey divide bone from bone; bikos God know wetin wi dey tink for awa mind."*

**Wich benefit wey dey pesona kome from di Bibol?**

Di Bibol dey ekwuip us. *"Evry word wey dey Bible, kom from God and dem dey good to tish us di trut and to know di tins wey dey wrong for awa life. God word dey korrect us wen wi dey wrong and e dey tish us to do good tins, so dat as wi dey do God work, wi go fit do am well and wi go get evritin wey wi nid to take do good tins,"* 2 Timoti 3:16-17.

Di Bibol dey helep us make wi nor sin. Psalm 119:9, 11 yarn us haw to take mak dat hapun. *"Di only way yong pesin go if live betta life, Na to obey God word"* and *" I don keep yor word for my hear so dat I nor go sin against Yu."*

Di Bibol dey give guidans for tuday (awa nes step) and direkshon for awa fushure (di path wey wi go follow). *"Yor word na lantan wey dey guide my leg and lite wey dey make mi si road,"* Psalm 119:105.

Di Bibol dey give wisdom. *"Di tishing for yor word dey give lite, so even pipol wey nor go skool dey undastand am,"* Psalm 119:130. Wi dey find wisdom wey nor dey chanj for Proverbs for di Old Testament.

Di Bibol dey helep to pass thru palava. Psalm 119:50 dey jinja us, *"Yor promise dey revive and help mi wen I dey for trobol."*

Di Bibol dey give hope. *"Bikos evritin wey dem rite from biginnin,* [dey point to di Old Testament] *na to tish, enkourage and give us hope,"* Romans 15:4.

Di Bibol dey give peace. Psalm 119:165 dey promis, *"Pipol wey love wetin Yu tok, get peace of mind and dem nor dey fear, shake or fall."*

Di Bibol dey bring joy. Jeremiah 15:16 dey give one esampol, *"My Oga God wey dey mighty, anytime Yu dey tok to mi, I dey listin well-well and na joy and happiness full my heart, bikos I bi yor own."*

**Haw pesin supose read abi listin to di Bibol?** Chek pass one varse. Konsida di four porposis of *"Evry word wey dey Bible, kom from God and dem dey good to tish us di trut and to know di tins wey dey wrong for awa life,"* 2 Timoti 3:16. As yu dey read abi listen, make yu ask des four kweshon dem. Wetin dis dey tish mi? Haw dis one wan take korret mi? Wich korrekshon I supose mak? Haw dis go take train mi to dey more raitious?

**Wetin go hapun if I nor get Bibol?** Mak evry effort wey dey possibol to buy one good translashon of di Bibol. If yu nor fit buy one, meni dey availabol to read abi listin for free for Intanet. Konsida sey mak yu buy one Bibol wit a paddy abi paddy dem and to dey shia am tugeda. Abi mak yu ask yor church abi felow biliva mak dem get one pesin to read Bibol to di grup and listin wella. *"Pipol wey hear God word and do wetin e tok, na dem God don bless* [obey and konfom to am]," Luke 11:28.

**Wich varsis for Bibol dey speshia to tishas and lidas?** Mak yu bi Jesus discipol wey dey abide (dey live) for inside di Word. "Jesus kon tell di pipol wey kom from Judea wey bilive am, *'If una obey wetin I dey tish una, den una go bi my disciples,'"* John 8:31. Make yu study di Bibol to bi evritin wey yu fit bi. *"Make yu do evritin wey yu fit do, so dat God go si yu as betta pesin. Dey do yor work well as pesin wey nor dey shame, but dey ready to esplain God word wey bi trut,"* 2 Timoti 2:15.

**Wai di Bibol dey impotant for all etaniti?** John, di Apostol esplain en porpose for writing wey dey en Gospol. Wi fit put dat porpose to all di Bibol. *"Jesus do many mirakles wen e dey with en disciples wey dem nor rite for dis book. But dis tins wey dem rite so, na make una for bilive sey na Jesus bi di Christ and naim bi Man Pikin and if una bilive am, una go get life thru en name,"* John 20:30-31. Haw you go biliv in Jesus kon get etana laif? Find out haw for www.Gospel316.org.

**"Yes, di grass go dry and flower go fade, but awa Oga God word go dey forever." Isaya 40:8**

---

*Wetin bi di Bibol?* © 2025 by John D. Morris III dey poblish by Acts One Eight. Yu fit print, kopy, post, emaill, abi take am send message for free with kontent wey nor change with dis full statement join. Yu fit add yor ministry abi church name abi logo join for di top of paje one and put yor kontat informashon on top di solid laine near di bottom of paje two. Bible316 dey base on di Bibol onli. E dey to helep pipol kom to faith in Jesus Krist and den make dem grow to bi En discipols. Yu fit email Acts One Eight (for Inglish if e dey possibol) to: Hello@Mail316.org. Translashon savisis for vashon dem wey nor bi Inglish na www.ChristianLingua.com dey provaid am. Wetin bi di Bibol? dey availabol for 48 languajis dem for free on www.Bible316.org. Bibol kwotashon for di Inglish vashon kom from The Lockman Foundation's New American Standard Bible 1995. Bibol kwotashon for dis translashon are from Pidgin, Nigerian: Holy Bible Nigerian Pidgin English (Bible) copyright © 2019 Wycliffe Bible Translators, Inc the PCM.